



Reyinyon nimewo 7 Komisyon Morrissey Boulevard

Sa k ap pase?

Setyèm reyinyon Komisyon Morrissey Boulevard la pral fèt nan dat 21 novanm 2024, depi 6:00 p.m. pou rive 8:00 pm. nan Holiday Inn Express Boston, nan Dorchester. Reyinyon sa a pral fèt an pèsonn, avèk opsyon pou rankont vityèl, epi l ap ouvri pou piblik la. Tanpri sonje sa, reyinyon an pral anrejistre.

Nan reyinyon sa a, yo pral prezante manm Komisyon an, ak prezante etid sou analiz final la, ak konklizyon pwovizwa, ak rekòmandasyon. Apre sa, pral genyen yon diskisyon ant manm Komisyon an, ak yon peryòd kòmantè pou piblik la.

Kilè

Jedi 21 novanm 2024, 6:00
diswa pou rive 8:00 diswa EST.

Ki Kote

Holiday Inn Express Boston
69 Boston Street
Dorchester, MA 02125



Ale nan adrès <https://www.mass.gov/k-circle-morrissey-study> pou plis enfòmasyon sou reyinyon an, ak pou enskri pou patisipasyon vityèl..



Lokal reyinyon sa a aksesib pou moun ki andikape ak moun ki pa konn pale angle byen. MassDOT ap fè aranjman rezonnab ak/oswa bay asistans nan lang si yon moun mande, san fè li peye, toutotan sa posib. Pou mande fè aranjman oswa pou mande asistans entèprèt, tanpri kontakte Responsab MassDOT pou Divèsite ak Dwa Sivik la (MassDOT's Chief Diversity and Civil Rights Officer) nan nimewo telefòn (857-368-8580), oswa nimewo faks (857-368-0602), relè 7-1-1, oswa nan adrès elekwonnik MassDOT.CivilRights@dot.state.ma.us. Demann yo dwe fèt pi bonnè ou kapab anvan jou reyinyon an. Pou sèvis ki pi difisil pou jwenn yo, tankou lang ki pale ak siy, oswa CART, oswa tradiktè ak entèprèt, demann yo dwe fèt omwen dis (10) jou ouvrap davans, anvan jou reyinyon an.